

Asesmen Formatif

Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi awèh tandha ping (×)!

1. Wacan kang isine njlentrehke salah sawijining samubarang (objek) kanthi cetha tegese wacan apa?
 - a. Deskripsi
 - b. Eksposisi
 - c. Argumentasi
 - d. Narasi
2. Kang kalebu peristiwa budaya ing ngisor iki, yaiku....
 - a. Plesir menyang Jakarta
 - b. Nonton bioskop
 - c. Sedekah laut
 - d. Gunung merapi njeblug
3. Ciri-ciri karangan deskripsi ana telu yaiku nggambarake samubarang, nggunakake pancadriya, lan bisa ngajak pamaca kaya-kaya nemahi kahanan kang nyata. Tegese nggunakake pancadriya yaiku....
 - a. Pandeleng, pangrasa, parungu, pangganda, lan pangep
 - b. Bisa dideleng nanging ora bisa dirungu
 - c. Namung bisa dirasa
 - d. Bisa dideleng, di rasa, nanging ora kaya ngalami kahanan kanthi sunyatå.
4. Gatekana wacan deskripsi ing ngisor iki!

Grebeg Sawal ing Kraton Surakarta

Rasa lan swasana dina Riyaya utawa luwih kerep diarani Bakda utawa Lebaran isih duwe pangaribawa, nganti sepuluh dina candhake. Akeh bab sing nandhes lan nabet ing ati. Raket ing paseduluran lan kekancan tansah katon ing ngendi papan lan samubarang kagiyatan, kalebu regenging swasana sukuran kanggo mungkasi wulan suci pasa lan tumapake wulan Sawal sing diadani dening Kraton Surakarta. Wujud puji sukur kasebut saben taun mesthi ditindakake kanthi upacara Grebeg Sawal nganggo gunungan cacah loro minangka sesinglone sing kanggo rebutan para warga ing pungkasan upacara.

Gunungan sing kapisan kanthi wujud tumpeng lancip diarani gunungan jaler. Gunungan kasebut dikanthi maneka warna woh asiling bumi, kaya ta kacang, wortel, lombok, tebu, klenyem, lan endhog asin. Dene ing sangisore gunungan mau ana maneka warna lelawuhan sing wis mateng.

Gunungan kaping loro wujud tumpeng kaya makutha diarani gunungan estri. Gunungan iku wujud saka rerangkening rengginang mentah (cripling ketan). Ing sisih ngisor gunungan kasebut uga ana gunungan lanang, yaiku sega putih lan maneka warna lelawuhan sing wis mateng.

Gunungan cacah loro kasebut minangka tandha rasa sukure raja, kawulane, lan kabeh abdi dalem kraton sing wis kasil ngumpulake anggoné nindakake ibadah awujud pasa sesasi wutuh. Tradhisi Grebeg Sawal wis katindakake wiwit Sultan Agung ing jaman krajan turun-tumurun nganti saiki.

Upacara Grebeg Sawal diwiwiti saka njero kraton kanthi ngarak gunungan cacah loro, gunungan jaler lan estri. Metune gunungan kasebut ditutake prajurit sing asikep gegaman wujud pedhang, tumbak, lan kanggo miyak dalan tumuju Masjid Agung ngliwati Sitinggil lan Alun-Alun Lor.

Sawise lumebu ing plataran masjid, sabanjure gunungan kasebut bablas digawa mlebu ana ing wujud rasa sukur sarta nyuwun kaslametan mring Gusti Kang Mahaagung. Ora lali uga, nyuwun kaslametan lan berkah kanggo Susuhunan Paku Buwana lan kabeh kawulane.

Sawise upacara lan donga kasebut rampung, gunungan cacah loro iku digawa metu tumuju ing plataran masjid saperlu kanggo rebutan para warga sing wis padha antri teka ing kono wiwit esuk. Tradhisi Grebeg Sawal iku bisa nuwuhake swasana sing gayeng lan grengseng nambahi rasa bungah lan ramene dina Riyaya ing Kraton Surakarta. Kajaba dadi tontonan, uga bisa dadi tuntunan sanadyan ana saperangan pamawas kang beda-beda pangangepe. Kraton Surakarta mung nengene anane tatanan lan tuntunan sing kudu dijaga lan dilestarekake minangka warisan budaya kang adiluhung sing kebak patuladhane.

Kapetrik kanthi owah-owahan saka: https://www.acbdf.com/documents/336165832/LH-1-baso-jawa-7_kakoes-14-Desember-2022

Wacan deskripsi kasusun dadi tahap identifikasi, deskripsi, lan panutup utawa kesimpulan. Lumrahe tahap identifikasi ana ing alinea sapisan lan tahap panutup utawa kesimpulan ana ing alinea pungkasan. Miturut wacan ing dhuwur, alinea 2 minangka tahap apa?

- a. Panutup
- b. Identifikasi
- c. Deskripsi
- d. Kesimpulan

5. Wacan kanggo pitakonan nomêr 5-8.

EBEG CILACAP

Kesenian Jawa bisa ditengeri karo seni gerak ya kuwe seni tari, dibarengi gendhing sing apik, penarine didandani karo paesan lan aksesoris sing ndadekna kesenian tari katon endah lan apik disawang. Salah siji dhaerah nang Jawa Tengah sing nduwe kesenian tari ya kuwe Kabupaten Cilacap. Tari sing wis kondhang arane barongan Cilacap ya kuwe ebeg utawa Kuda Lumping. Adhedhasar literature sejarah Barongan Cilacap utawa ebeg, wis ana kawit gemiyen jamane Pangeran Diponegoro.

Jaman gemiyen tarian Ebeg dinggo panjurung semangat rakyat kanggo pasukan Pangeran Diponegoro sing arep padha mangkat perang nang palagan nglawan penjajah walanda. Penari sing lincah lan trampil dadi simbol semangat lan kakuwatane nenek moyang gemiyen. Tarian Ebeg diuri-uri lan esih tetep langgeng tekan siki minangka kesenian khas Cilacap.

Penari ebeg biasane wong 5-8 sing diiringi karo gamelan. Biasane wong-wong padha nyambungna Barongan karo barang sing mistis. Nang njerone tari ebeg penari nglakoni ritual mendem utawa kesurupan. Penari obah manut karo iringane gamelan. Seliyane kuwe, penari uga biasane nglakoni ritual sing medeni, kaya mangan beling, mangan daging ayam urip, lan liya-liyane.

Sing ndadekna tari ebeg tambah unik, pas kesurupan penari bisa obah kaya kewan kethek, ula, macan, lan liya-liyane. Wong-wong percaya kesenian tari ebeg kiye wis ana kawit jamane kepercayaan animisme lan dinamisme. Biasane ebeg diwiwiti kawit awan tekan sore sedurunge maghrib. Ubarampe kanggo ritual biasane pawing nyawisna maneka warna kembang, gedhang raja, gedhang emas, klapa enom lan jajan pasar.

Tari ebeg sering dianakna nang acara hajatan, festival seni lan kanggo nampani tamu kaya tokoh penting. Tari Ebeg bakal luwih gayeng nek ana atraksi-atraksi sing dilakoni nang penari. Nalika wektune arep rampung, penari-penari disuwuk nang pawing utawa penimbule supaya mari lan sadar maning.

Saka wacan ing dhuwur, salah sijine kesenian ing Kabupaten Cilacap sing kondang yaiku...

- a. Ebeg
 - b. Warok
 - c. Reog Ponorogo
 - d. Tari legong
6. Saka wacan ing dhuwur, apa wae ubarampe kang kudu disiapke nalika nanggap ebeg?
- a. Kacang lan jajanan ciki
 - b. Dupa lan wit gedhang
 - c. Jeruk, godhong kelor, sabun adus
 - d. Maneka warna kembang, gedhang raja, gedhang emas, klapa enom lan jajan pasar.
7. Têmbung “panjurung” ing wacan kang digaris ngisor tegese apa?
- a. Asil
 - b. Semangat
 - c. Dukungan
 - d. Pitulung

8. Wacanen teks ing ngisor iki kanthi tliti!

Grebeg Sawal ing Kraton Surakarta

Rasa lan swasana dina Riyaya utawa luwih kerep diarani Bakda utawa Lebaran isih duwe pangaribawa, nganti sepuluh dina candhake. Akeh bab sing nandhes lan nabet ing ati. Raketing paseduluran lan kekancan tansah katon ing ngendi papan lan samubarang kagiyatan, kalebu regenging swasana sukuran kanggo mungkasi wulan suci pasa lan tumapake wulan Sawal sing diadani dening Kraton Surakarta. Wujud puji sukur kasebut saben taun mesthi ditindakake kanthi upacara Grebeg Sawal nganggo gunungan cacah loro minangka sesinglone sing kanggo rebutan para warga ing pungkasan upacara.

Gunungan sing kapisan kanthi wujud tumpeng lancip diarani gunungan jaler. Gunungan kasebut dikanthèni maneka warna woh asiling bumi, kaya ta kacang, wortel, lombok, tebu, klenyem, lan endhog asin. Dene ing sangisore gunungan mau ana maneka warna lelawuhan sing wis mateng.

Gunungan kaping loro wujud tumpeng kaya makutha diarani gunungan estri. Gunungan iku wujud saka rerangkening rengginang mentah (criping ketan). Ing sisih ngisore gunungan kasebut uga ana gunungan lanang, yaiku sega putih lan maneka warna lelawuhan sing wis mateng.

Gunungan cacah loro kasebut minangka tandha rasa sukure raja, kawulane, lan kabeh abdi dalem kraton sing wis kasil ngrampungake anggoné nindakake ibadah awujud pasa sesasi wutuh. Tradhisi Grebeg Sawal wis katindakake wiwit Sultan Agung ing jaman krajan turun-tumurun nganti saiki.

Upacara Grebeg Sawal diwiwiti saka njero kraton kanthi ngarak gunungan cacah loro, gunungan jaler lan estri. Metune gunungan kasebut ditutake prajurit sing asikep gegaman wujud pedhang, tumbak, lan panah. Ing sangarepe gunungan kasebut ana barisan *drumband* kraton kanthi pandhegan ngunekake trompet lan kanggo miyak dalan tumuju Masjid Agung ngliwati Sitinggil lan Alun-Alun Lor.

Sawise lumebu ing plataran masjid, sabanjure gunungan kasebut bablas digawa mlebu ana ing emperan masjid. Kanthi dipandhegani ulama Kraton Surakarta, banjur nganakake donga-donga minangka wujud rasa sukur sarta nyuwun kaslametan mring Gusti Kang Mahaagung. Ora lali uga, nyuwun kaslametan lan berkah kanggo Susuhunan Paku Buwana lan kabeh kawulane.

Sawise upacara lan donga kasebut rampung, gunungan cacah loro iku digawa metu tumuju ing plataran masjid saperlu kanggo rebutan para warga sing wis padha antri teka ing kono wiwit esuk. Tradhisi Grebeg Sawal iku bisa nuwuhake swasana sing gayeng lan grengseng nambahi rasa bungah lan ramene dina Riyaya ing Kraton Surakarta. Kajaba dadi tontonan, uga bisa dadi tuntunan sanadyan ana saperangan pamawas kang beda-beda panganggepe. Kraton Surakarta mung nengene anane tatanan lan tuntunan sing kudu dijaga lan dilestarekake minangka warisan budaya kang adiluhung sing kebak patuladhane.

Kapethik kanthi owah-owahan saka: <https://www.scibd.com/document/338165833/UH-1-basa-jawa-7, kaakses 14 Desember 2022>

- Miturut wacan ing dhuwur, gunungan kang wujud kaya makutha diarani apa?
- Gunungan jalêr
 - Gunungan èstri
 - Gunungan gunungan loro
 - Gunungan tumpeng lancip
9. Amanat kang bisa dijupuk saka wacan kanthi irah-irahan “Grebeg Sawal ing Kraton Surakarta” yaiku....
- Anane budaya Jawa kang maneka warna nuwuhake tatanan lan tuntunan kang lestari.
 - Supaya rame pas riyaya
 - Supaya seneng wargane
 - Supaya akeh tradisi ing tanah Jawa
10. Saka wacan alinea katelu, têngbung “makutha” tegese apa?
- Kaya kota-kota
 - Kaya pemerintah
 - Kaya mahkota
 - Kaya paku